


Chè Paran/Responsab Legal Molly,

Rapò sa a se yon rezime pou montre kijan Molly te travay nan Evalyasyon Syans Nivo - Entèmedyè a nan Pwogram Egzamen Eta Nouyòk ki te fèt nan prentan 2024. Nòt egzamen an se yon fason pou ede ou konprann kijan ptit ou te konpoze; **men, nòt sa a pa montre tout sa Molly konnen ak tout sa li ka fè. Nou bay rezulta Egzamen Lang ak Literati Anglè (English Language Arts, ELA), Egzamen Matematik ak Syans pou Klas 3èm ane jiska 8èm ane pou detekte kijan elèv yo travay men nou pa pral mete yo nan relvenòt ofisyèl Molly oswa dosye akademik pèmanan li.**


TRADIKSyon



[https://www.nysesd.gov/
state-assessment/
grades-3-8-score-report-
and-understanding-report-
samples](https://www.nysesd.gov/state-assessment/grades-3-8-score-report-and-understanding-report-samples)

NÒT
MOLLY
ANE SA A

492
NIVO 4



NIVO PÈFÒMANS

NIVO 4

Elèv ki gen nivo pèfòmans sa a maton anpil nan estanda pou klas yo ye a.

NIVO 3

Elèv ki gen nivo pèfòmans sa a konpetan nan estanda pou klas yo ye a.

NIVO 2

Elèv ki gen nivo pèfòmans sa a konpetan an pati nan estanda pou klas yo ye a.

NIVO 1

Elèv ki gen nivo pèfòmans sa a pa konpetan menm nan estanda pou klas yo ye a.

MOLLY NAN NIVO ESTANDA ETA A

Pou wè deskripsyon sa elèv sa yo konnen ak ka fè, ale nan:
www.nysesd.gov/state-assessment/next-generation-grades-3-8-learning-standards-performance-level-descriptions

KORE REYISIT MOLLY

> Kontakte pwofesè Molly epi mande li ki domèn ki pi difisil pou Molly.

> Si sa nesesè, mande sèvis sipò pou elèv tankou sèvis konsèy ak sèvis oryantasyon eskolè pou yo kapab ede Molly reyisi pi byen.


> Mande lekòl la kijan ou pral resevwa rapò sou pwogrè Molly regilyèman.

> Gade travay Molly fè nan klas la ak devwa li fè lakay ansanm ak li pou wè kijan Molly ap fè pwogrè.


Pou plis enfòmasyon sou egzamen sa a, estanda Eta Nouyòk yo, ak fason ou ka ede Molly, ale sou:

<https://www.nysesd.gov/state-assessment/grades-3-8-science-learning-standards>

Estanda Aprantisaj Eta Nouyòk pou Syans P-12 dekri sa Molly sipoze konnen e kapab fè nan chak nivo klas. Seksyon sa a montre kantite pwen ke Molly genyen sou kesyon ki mezire konsèp kle nan syans apati estanda nan nivo sa a.



NÒT MWAYÈN POU ELÈV NYS YO
6



NÒT MWAYÈN POU ELÈV NYS YO
7



NÒT MWAYÈN POU ELÈV NYS YO
4

SYANS FIZIK

Nan seksyon sa a, yo te mande elèv yo pou:

- aplike pratik syantifik, prensip, ak teknoloji nan estrikti ak pwopriyete bagay yo, reyakson chimik ant sibtans, fòs ak diferan kalite entèraksyon yo, kalite ak transfè enèji, ak pwopriyete vag yo ak entèraksyon yo ak divès sibstans k ap entèveni.

SYANS LAVI

Nan seksyon sa a, yo te mande elèv yo pou:

- aplike pratik syantifik, prensip, ak teknoloji nan estrikti debaz la, fonksyon, ak ôrganizasyon bagay ki vivan yo, sa ki pèmèt sentèz enfòmasyon ak omeyostazis, sik bagay yo ak anchènman enèji atravè òganis ak ekosistèm, entèraksyon ant bagay ki vivan yo ki kenbe establelite biyodivèsite a ak ekosistèm nan, faktè ki afekte e ki enfliyanse kwasans, devlopman, ak repwodiksyon òganis, epi relasyon evolutif ant òganis yo ak fason seleksyon natirèl ak adaptasyon mennen nan chanjman nan lavi sou Tè a.

SYANS LATÈ AK ESPAS

Nan seksyon sa a, yo te mande elèv yo pou:

- aplike pratik syantifik, prensip, ak teknoloji nan modèl siklik yo epi ajiste pwopriyete objè yo nan sistèm solè a ak wòl gravite nan deplasman objè yo anandan sistèm espas la, evidans nan pwosesis jeyosyans yo ak plak tektonik yo, ki ajiste divès fason, pou eksplike istwa Tè a, anchènman enèji k ap dirije sik bagay materyèl ki sou Tè a sa ki bay yon distribisyon resous ki pa egal, rezon ki fè gen chanjman nan modèl kondisyon tan an ak klima a, enpak moun gen sou sistèm Tè a, epi diminisyon efè aza natirèl sou moun.

Tanpri sonje elèv ki gen yon Pwogram Edikasyon Endividiyèl (Individualized Education Program, IEP) oswa Plan Adaptasyon Seksyon 504 (Plan 504) ki endike pou yo li egzamen yo awotvwa ta dwe resevwa aranjman pou egzamen sa a, dapre endikasyon espesyal ki nan IEP an/ Plan 504 la.

FASON NÒT MOLLY A KONPARE

NÒT
MOLLY
492

MWAYÈN
LEKÒL
444

MWAYÈN
DISTRI
444

MWAYÈN
ETA A
443